



The Bridge

Pyès moun lib toutotan Ayiti pa lib:

Liberasyon, Reparasyon ak Jistis pou Ayiti

Pandan n ap reyini nan lajwa ak rezistans nan dezyèm Fowòm Pèmanan Nasyonzi sou Moun Desandan Afriken yo, nan Kanpay EqualHealth Kont Rasis, nou vle espesyalman sere yon espas pou Ayiti.

Ayiti se yon peyi kote tè li a ak pèp li a ap plede souffri pinisyon depi li te pran endepandans li nan ane 1804 nan men Lafrans. Li se yon kokennchenn egzanp ki reprezante byen sa k pase lè prejije kont moun ki Nwa yo (Anti-Blackness), kolonyalis ak enperyalis y ap domine. Li demontre klè jan sistèm sa yo ap travay ansanm jis kounye a nan monn nan. Prèske 1 nan 3 moun ki oblije deplase yo soti nan majorite peyi Nwa yo. Sa se yon fenomèn ki sanble ap kontinye ogmante avèk letan. Sepandan, dwa pou imigre, espesyalman pou moun ki desandan Afriken yo, toujou anba atak. Imigran desandan Afriken yo ap fè fas toupatou nan monn nan ak desizyon politik ki kont Nwa yo. Sa lakòz yo tout ap souffri menm eksperyans tankou fwontyè militè, eskizyon, vyolasyon dwa moun ak vyolasyon lwa entènasyonal, yo sible yo ak anpil anpil vijilans, kriminalizasyon, fòs sovaj, ak pafwa lanmò. Sitou nan peyi Etazini, imigran Nwa yo ap sibi yon tretman diferan ak lòt moun nan sistèm imigrasyon sivil la. Anplis de sa pwoblèm sa a vin ogmante poutèt prejije kont moun ki Nwa yo nan sistèm pinisyon kriminel la ki ap egzajere nan kriminalize anpil moun Nwa nan Etazini.

Reyaksyon sipremasis blan an kont Ayiti, ki te dirije rebelyon esklav ki gen plis siksè nan pati wès nan planèt la, ap pouse lit la kont gwò vyolans ak eritaj ki pran rasin nan reyaksyon sa a. Ansanm nou vle di laverite aswè a. Nou vle mande nou chak pou kontinye di laverite sou sa k ap pase ann Ayiti e pou Ayiti. N ap mande jodi a nan chak espas ki egziste pou liberasyon, jistis ak reparasyon pou kominote Nwa yo. **Nou sonje pawòl Fanny Lou pa gen moun ki lib jiskaske tout moun lib. Pou nou se menm bagay: pyès moun lib toutotan Ayiti pa lib.**

Nou bezwen di laverite sou Ayiti. Verite a sou:

- Jan Ayiti te oblije peye Lafrans yon gwò dèt vyolan pou yo rekonèt souverènte li. Se yon total ki gen valè 20 milya dola nan lajan jodi a pou yo evite yo tounen anba dominasyon Lafrans.
- Jan Ayiti te konpletman izole nan biznis entenasyonal ak nan sekirite ekonomik poutèt Etazini pa t rekonèt Ayiti kòm yon eta lib. Kòm esklavaj te toujou legal nan Amerik, se selman nan ane 1862 yo te finalman rekonèt eta Ayiti. Anplis de sa peyi Etazini te okipe ak volè Ayiti depi 1915 rive 1934.
- Jan, nan dènye ane yo, Bush te fè tonbe gouvènman ki te an plas demokratikman an 2004

la, ekspansyon neyoliberalis la ki te chwa Clinton ak Obama pou soutni yon gouvènman ki PA chwazi demokratikman, sa te gen yon rapò dirèk ak dezi pa yo pou avanse ajanda ekspansyon neyoliberal la.

- Jan 10,000 Ayisyen te mouri ak Kolera paske dlo sal ki te soti tiyo solda Nasyonzini yo te kontamine yon rivyè apre tranblemanntè ki te ravaje peyi a an 2010 la. Nasyonzini te ranmase sèlman 20.5 milyon dola nan fon de 400 milyon dola yo te pwomèt paske yo rekonèt se Kàs Ble ki te pote kolera an Ayiti. Finalman yo te annik depanse \$3.2 milyon dola.
- Jan an 2015, [NPR ak ProPublica](#) te chèche konnen ki jan prèske \$500 milyon dola bay kwa wouj Ameriken an te itilize pou ede Ayiti. Yo te dekouvri yon seri pwojè ki pa byen jere, depans ki pa sanble korèk ak siksè ki vreman an dout.
- Jan menm lè dèt Ayiti a te anile, nouvo fon pou rekonstriksyon yo se te prete yo te prete kòb sa a nan men Fon Monetè Entènasyonal. Anfèt Ayiti pa jwenn donasyon vre, okontrè se kontinye y ap kontinye eksplwate Ayiti sou baz kapitalis rasyal la.
- Jan, sa fè selman kèk mwa, yo fè depòtasyon de plis pase 100,000 moun tounen an Ayiti soti nan Etazini ak Repiblik Dominikenn.

Nou gen yon responsabilite anvè Ayiti. Nou pa kapab bliye tout sa Ayiti te bay moun Nwa yo toupatou, sa ki pèmèt nou egziste nan monn yon fason ki pa tap ka posib san kouraj Ayiti te montre nan peryod 1791-1804. Kidonk, kounye a nou pa gen dwa abandone.

Pyès moun lib toutotan Ayiti pa lib.

SA CAR YO AP MANDE

1. **ÈD ANSANM pou kamarad ayisyen nou yo ka siviv.** bit.ly/MAC-GF
2. **REPARASYON pou tout kominote BIPOC (Nwa, Endijèn ak Moun ki gen koulè)** ki anreta depi bien lontan. Nou dwe kreye yon Fon Mondyal pou rezoud yon fason pratik ak reyèl kondisyon materyèl ak sosyoekonomik ki la poutèt eritaj dirab kolonyalis ak enperyalis ansanm ak mal dirèk ak twomatis jenerasyon an.
3. **REPARASYON POU MOUN KI TE DEPÒTE** se yon bagay ki enpòtan anpil, ki vital. Sa gen ladan l sipò pou yo jwenn aksè nan resous pou tounen nan plas pa yo nan sosyete ak sipò sikososyal ann Ayiti ak nan lòt kontèks ki afekte nan depòtasyon an mas. Toupatou sou tè a, gen istwa sou imigran Nwa yo ki ap fè fas ak depòtasyon, jan yo fè eksperyans gwò soufrans, rate nesesisite debaz yo, neglijan medikal, vyolans fizik, atak ksenofob, vye pawòl ak menas, zak entimidasyon rasyal, vyolasyon pwosesis legal, ak separasyon ak manm fanmi yo.

4. **KENBE GOUVÈNMAN RESPONSAB** devan dwa moun entènasyonal yo. Gouvènman yo dwe responsab pou respekte dwa nòmal entènasyonal moun ki gen rapò ak sèks, ras ak migrasyon. Pwoteje dwa sa yo vreman enpòtan nan ankouraje egalite ak jistis epi li pa ka fèt yon sèl kote. Responsablite gouvènman yo nesesè pou asire ke moun yo pap wè dwa pa yo vyole poutèt ras yo oswa sitiasyon migrasyon yo.

Eskane isit la pou siyen



tinyurl.com/EQHBAH

[A decade after U.N.-linked cholera outbreak, Haitians demand justice](#) | Reuters
[Debt Justice for Haiti: Statistics and Case Study](#) | Debt Justice
[In Search Of The Red Cross' \\$500 Million In Haiti Relief](#) | NPR